

PANGARIBAWANE MEDHIA PASINAON ABASIS INTERNET (*BLOG*) TUMRAP KAWASISAN NEMBANG MACAPAT SISWA KELAS VIII SMP N 4 PACITAN

Putri Al Nasrum

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
al_putri@yahoo.com

Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Adhedhasar kurikulum 2013 kang nduweni konsep siswa sinau mandhiri, guru dituntut bisa ngrembakakake medhia pasinaon kang luwih inovatif kang bisa ngrangsang pepinginane siswa kanggo sinau. Medhia pasinaon kang saiki banget dibutuhake kanggo nyengkuyung andharan kasebut yaiku medhia pasinaon kang abasis internet. Medhia pasinaon abasis internet iki minangka medhia pasinaon kang bisa nglantaraake para siswa kanggo sinau mandhiri. Andharan kasebut disebabake medhia pasinaon kasebut bisa diakses ing njaba sekolah kanthi nyambungake PC karo internet. Bab kasebut bisa nuntun siswa kanggo mandhiri lan bisa ngundhakake kawruhe siswa ngenani ndonya luwar.

Panliten iki kalebu panliten eksperimen, kang ngudhari underane panliten, yaiku (1) Kepriye pasinaon nembang macapat siswa tanpa nggunakake medhia pasinaon abasis internet (*blog*)?; (2) Kepriye pasinaon nembang macapat siswa kanthi nggunakake medhia pasinaon abasis internet (*blog*)?; (3) Kepriye pangaribawane kawasisane nembang macapat siswa kanthi medhia pasinaon abasis internet (*blog*) lan tanpa medhia pasinaon abasis internet (*blog*)?; lan (4) Kepriye tanggapane siswa tumrap medhia pasinaon abasis internet (*blog*) kanggo ngundhakake kawasisan nembang macapat?. Tujuwan panliten kanggo ngandharake (1) Pasinaon nembang macapat siswa tanpa nggunakake medhia pasinaon abasis internet (*blog*); (2) Pasinaon nembang macapat siswa kanthi nggunakake medhia pasinaon abasis internet (*blog*); (3) Pangaribawane kawasisane nembang macapat siswa kanthi medhia pasinaon abasis internet (*blog*) lan tanpa medhia pasinaon abasis internet (*blog*); lan (4) Tanggapane siswa tumrap medhia pasinaon abasis internet (*blog*) kanggo ngundhakake kawasisan nembang macapat. Hipotesis panliten yaiku $H_0 = \text{Medhia pasinaon abasis internet } (\textit{blog}) \text{ ora nduweni pambetakang signifikan tumrap kawasisan nembang macapat siswa kelas VIII SMP N 4 Pacitan}$, lan $H_1 = \text{Medhia pasinaon abasis internet } (\textit{blog}) \text{ nduweni pambetakang signifikan tumrap kawasisan nembang macapat siswa kelas VIII SMP N 4 Pacitan}$.

Tembung Wigati: tembang macapat, *blog*

Abstrak

Berdasarkan kurikulum 2013 yang mempunyai konsep siswa belajar mandiri, guru dituntut untuk bisa mengembangkan media pembelajaran yang lebih inovatif yang bisa merangsang keinginan siswa untuk belajar. Media pembelajaran yang sekarang ini sangat dibutuhkan untuk mendukung paparan tersebut adalah media pembelajaran yang berbasis internet. Media pembelajaran berbasis internet ini sebagai media pembelajaran yang bisa memperantara siswa untuk belajar mandiri. Paparan tersebut disebabkan media pembelajaran tersebut bisa diakses di luar sekolah dengan menyambungkan PC dengan internet. Hal tersebut bisa menuntun siswa untuk mandiri lan bisa meningkatkan pengetahuan siswa tentang dunia luar.

Penelitian ini termasuk penelitian eksperimen, yang mengupas rumusan masalah penelitian, yaitu (1) Bagaimana ketrampilan nembang macapat siswa tanpa menggunakan media pembelajaran berbasis internet (*blog*)?; (2) Bagaimana ketrampilan nembang macapat siswa dengan menggunakan medhia pembelajaran berbasis internet (*blog*)?; (3) Bagaimana pengaruh ketrampilan nembang macapat siswa dengan media pembelajaran berbasis internet (*blog*) dan tanpa media pembelajaran berbasis internet (*blog*)?; dan (4) Bagaimana tanggapan siswa terhadap media pembelajaran berbasis internet (*blog*) untuk meningkatkan ketrampilan nembang macapat?. Tujuan

penelitian untuk memaparkan (1) Ketrampilan nembang macapat siswa tanpa menggunakan media pembelajaran berbasis internet (*blog*); (2) Ketrampilan nembang macapat siswa dengan menggunakan media pembelajaran berbasis internet (*blog*);(3) Pengaruh ketrampilan nembang macapat siswa dengan media pembelajaran berbasis internet (*blog*) dan tanpa media pembelajaran berbasis internet (*blog*); dan (4) Tanggapan siswa terhadap media pembelajaran berbasis internet (*blog*) untuk meningkatkan ketrampilan nembang macapat. Hipotesis penelitian yaitu H_0 = media pembelajaran berbasis internet (*blog*) tidak mempunyai perbedaan yang signifikan terhadap ketrampilan nembang macapat siswa kelas VIII SMP N 4 Pacitan, dan H_1 = media pembelajaran berbasis internet (*blog*) mempunyai perbedaan yang signifikan terhadap ketrampilan nembang macapat siswa kelas VIII SMP N 4 Pacitan.

Kata Kunci: tembang macapat, *blog*

PURWAKA

Pendhidhikan proses kanggo ngrembakakake bakat, potensi, lan kawasisan kang diduweni pawongan ing panguripane. Mula saka iku, pancewé wis kudune yen pendhidhikan ditata kanthi nduweni paedah menehi pangerten lan ngundhakake kawasisan nalika panyarta dhidhik sinau (Daryanto, 2012:1). Pendhidhikan kang ditata biyasane manggon ana pendhidhikan kang ditindakake kanthi cara formal, yaiku ana ing sekolahan. Kanthi nggunakake kompetensi kang wis dicawiske, guru menehi pasinaon marang panyarta dhidhik kanthi ancas supaya bisa ngundhakake kawasisan nalika sinau.

Kanggo ngundhakake kawasisan nalika sinau, para guru kudu nduweni sesambungan kang becik karo para panyarta dhidhike, salah sijine kanthi mangerten samubarang kang dibutuhake panyarta dhidhik kang ana gayutane karo karakteristike, uga ing pangrembakane ilmu (Daryanto, 2012:1). Saliyane iku, pangaribawane samubarang kang ana ing sakupenge uga banget merbawani lakune pasinaon. Arsyad (2011:1) ngandharake yen sesambungan kang dumadi nalika pasinaon iku antuk daya pangaribawa saka lingkungane, ing antarane yaiku murid, guru, petugas perpustakaan, kepala sekolah, bahan utawa materi pasinaon (buku, modhul, selebaran, majalah, rekaman, video utawa audio, lan sapanuggale), lan sakabehane sumber sinau lan fasilitas (projektor overhead, alat kango ngrekam audio lan video, radio, tv, komputer, perpustakaan, laboratorium, pusate sumber sinau, lan liya-liyane).

Sesambungan kang paling asring ditindakake ing pendhidhikan formal yaiku sesambungan kang dumadi ing njero kelas. Pendhidhikan formal kang dumadi ing njero kelas kang antuk peran gedhe yaiku guru lan murid. Yen digayutake karo pendhidhikan formal kang nduweni ancas kango ngundhakake kawasisan nalika sinau, guru nduweni jejibahan kango nyengkuyung mundhake kawasisan panyarta dhidhik.

Kanthy pola pendhidhikan kang pusate ana ing guru kaya andharan kasebut, dianggep kurang bisa ngrembakakake pola pikire panyarta dhidhik. Mula saka iku dimunculake kurikulum 2013. Adhedhasar pola pikir lawas, kurikulum 2013 dirembakakake, yaiku (1) pola pasinaon kang pusate marang guru dadi pasinaon kang pusate marang panyarta dhidhik, panyarta dhidhik kudu nduweni pilihan-pilihan tumrap materi kang disinaoni supaya nduweni kawasisan kang padha; (2) pola pasinaon saarah (sesambungan guru-panyarta dhidhik) dadi pasinaon interaktif (interaktif guru-panyarta dhidhik-masyarakat-lingkungan alam, sumber lan medhia liyane); (3) pola pasinaon terisolasi dadi pasinaon kanthi cara jejaring (panyarta dhidhik bisa nimba ilmu saka sapa wae lan saka ngendi wae kang bisa diubungi sarta diantuki lumantar internet); (4) pola pasinaon pasif dadi pasinaon aktif nggoleki (pasinaon siswa aktif tansaya kuwat kanthi modhel pasinaon tintingan sains); (5) pola sinau dhewe dadi sinau klompok (abasis tim); (6) pola pasinaon alat tunggal dadi pasinaon abasis alat multimedia; (7) pola pasinaon abasis massal dadi kabutuhan pelanggan (users) kanthi nguwatake pangrembakan potensi kang mligi kang diduweni saben panyarta dhidhik; (8) pola pasinaon kawruh tunggal (monodiscipline) dadi pasinaon kawruh jamak (multidiscipline); lan (9) pola pasinaon pasif dadi pasinaon kritis.

Kanthy pangrembakan pola pikir kang kaya ing dhuwur, panyarta dhidhik dituntut supaya bisa nggoleki materine dhewe kanggo sinau. Guru nalika ana kelas mung minangka kanca kango sinau. Panyarta dhidhik kudu bisa nggoleki materi saka KI (Kompetensi Inti) & KD (Kompetensi Dasar) kang wis ditemtokake. Medhia pasinaon kaya dene buku teks mung minangka pituduh kanggone siswa kanggo antuk materi kang luwih saka sumber utawa informan kang ana ing sakupenge.

Kanggo ngundhakake mutu pendhidhikan digunakake sektor-sektor kang bisa langsung

menehi pangaribawa tumrap mundhake mutu pendhidhikan. Mutu pendhidhikan mundhak kanthi nganakake sarana prasarana pasinaon, kang gegayutan karo alat lan medhia pasinaon (Isjoni, 2006:23). Medhia pasinaon nduweni jinis sing akeh banget salah sijine yaiku arupa buku teks, nanging buku teks wis dadi medhia pasinaon sing lumrah. Medhia-medhia pasinaon perlu dirembakakake. Ali (2009:294) ngandharake yen kanggo ngundhakake kuwalitas uga kudu ngoptimalake panggunane TIK (Teknologi Informasi dan Komunikasi), ing sistem informasi sekolah utawa kanggo pasinaon kanthi cara elektronik (e-learning). Andharan kasebut uga nyengkuyung pola pikir saka kurikulum 2013. Panyarta dhidhik bisa antuk akeh materi saka internet. Kanthi anane sarana prasarana ing sekolahan kang nyengkuyung, panyarta dhidhik bisa luwih gampang anggone ngrembakakake kawruhe.

Ing donyaning internet, akeh banget medhia-medhia kang bisa diinovasekake dadi medhia pasinaon. Medhia ing internet kang arupa *blog* salah sijine. Akeh wong sing wis kenal karo jenenge *blog*. Akeh wong nggunakake *blog* kanggo panggonan bisnis, yaiku nawakake dagangane. Kanthi pangrembakane kang uga dirasakake dening para pandhemen *blog* sing maune digunakake kanggo panggonan ngumpul ing internet kanggo para komunitase, dadi salah sawijining panggonan kang owah fungsi, bisa kanggo dodolan, panggonan rembugan, andum crita, nganti dadi salah sawijining metodhe pasinaon kang narik kawigaten (Halim, 2010:132). Pangrembakane medhia ing internet kang arupa *blog* kasebut uga bisa digunakake kanggo medhia pasinaon ing sakabehing mata pelajaran, kalebu ing pasinaon basa Jawa.

Basa Jawa mujudake basa dhaerah kang tuwuhan ngrembaka ing tlatah Jawa Timur, Jawa Tengah, lan Yogyakarta. Nganti seprene, basa Jawa uga isih digunakake minangka basa padinan dening para masyarakat kasebut. Kanggo nglestarekake basa Jawa supaya tansah ora kelangan paugerane kudu ana waduh yaiku kanthi ndadekake basa Jawa mata pelajaran kang wajib ing sekolahan-sekolahan wiwit SD lan saderajat, SMP lan saderajat, uga SMA lan saderajat. Para panyarta dhidhik nganggep yen mata pelajaran basa Jawa minangka mata pelajaran sing ora gampang, amarga saperangan materine wis arang ditemokake ing urip padinan, kaya ta tembang macapat lan

aksara Jawa. Materi kang narik kawigaten kanggo ditintingi, yaiku tembang macapat.

Pasinaon ngenani tembang macapat kanggone para panyarta dhidhik dudu pasinaon kang gampang. Adhedhasar asil wawancara karo guru basa Jawa SMP N 4 Pacitan, asil pasinaon kanggo nembangake macapat durung bisa nggayuh SKM kang ditemtokake dening sekolah yaiku 75, amarga kawasisane guru tumrap nembang macapat. Apamaneh tembang macapat wis kesaangan karo lagu-lagu modern kang banget digandrungi dening bocah-bocah ing umuran sekolah. Mula saka iku, prelu banget ana inovasi kang kreatif kanggo pasinaon tembang macapat.

Sejatine inovasi pasinaon tembang macapat kanthi manfaatake medhia ing internet wis ana. Para panyarta dhidhik mesthi wis padha kenal karo medhia-medhia kang wis cumawis ing internet. Salah sijine yaiku *blog*. Para panganggo internet mesthi ngerti apa kuwi *blog* lan kaya ngapa wujude. *Blog* yaiku sawijining “easy to use website” utawa website interaktif, kang bisa digunakake kanthi gampang dening panganggone, saengga panganggo bisa nindakake pranatan isi web kasebut kanthi gampang (Wahyono, 2009:1). Kanthi anane inovasi medhia pasinaon kanthi nggunakake *blog* kang wis ora asing maneh, kanggone panyarta dhidhik bisa luwih antuk motivasi jalaran bisa kanthi gampang antuk materi kang dikarepake, mlige ngenani tembang macapat.

Medhia pasinaon kang arupa *blog* iki mujudake medhia kang bisa diakses neng endi wae kang kasambung karo jaringan internet. Medhia pasinaon kang arupa *blog* iki bakal nyepakake materi-materi ngenani tembang macapat sarta tuladha-tuladha ngenani tembang-tembang macapat kasebut. Dadi pasinaon bisa ditindakake dening para panyarta dhidhik ing njaba kelas sabubare sekolah. Panyarta dhidhik bisa sinau dhewe tanpa bimbingan guru. Adhedhasar konsep kasebut, banjur bisa nuwuhake rasa mandhiri saka panyarta dhidhik kanggo nyinaoni tembang macapat.

Panliten kang ditindakake iki kalebu panliten eksperimen. Sugiyono (2010:107) ngandharake yen metode panliten eksperimen yaiku metode panliten kang digunakake kanggo nggoleki pangaribawane saka tindakan tartamtu tumrap samubarang liyane sajrone kahanan kang dikendhalekake. Wujude dhesain saka panliten eksperimen iki kang digunakake yaiku desain Quasi Experimental kang minangka pangrembakane saka True Experimental

Design. Dhesain iki nduweni klompok kontrol, ananging ora bisa nduweni kagunan kang utuh kanggo ngontrol variabel-variabel saka njaba kang merbawani dumadine eksperimen (Sugiyono, 2010:114).

Adhedhasar landhesan panliten ing ndhuwur, panulis bakal nganakake panliten eksperimen tumrap pangaribawane medhia pasinaon kanthi irah-irahan “Pangaribawane Medhia Pasinaon Abasis Internet (*Blog*) Tumrap Kawasiswaan Nembang Macapat Siswa Kelas VIII SMP N 4 Pacitan”.

METODHE

Panliten kanthi irah-irahan “Pangaribawane Medhia Pasinaon Abasis Internet (*Blog*) Tumrap Kawasiswaan Nembang Macapat Siswa Kelas VIII SMP N 4 Pacitan” iki minangka panliten kuantitatif. Panliten iki diarani panliten kuantitatif amarga dhata panliten arupa angka-angka lan analisis nggunakake statistik (Sugiyono, 2010:13). Metodhe kang digunakake ing panliten iki yaiku eksperimen.

Metode panliten eksperimen nduweni tipe utawa rancangan panliten dhewe. Sugiyono (2010:108) ngandharake yen ana pirang-pirang wujud dhesain eksperimen kang bisa digunakake sajrone panliten, yaiku: *Pre-Experimental Design*, *True Experimental Design*, *Factorial Design*, lan *Quasi Experimental Design*. Panliten eksperimen iki nggunakake wujud dhesain *Quasi Experimental Design* yaiku minangka pangrembagan saka *True Experimental Design*. Dhesain iki nduweni klompok kontrol, ananging ora bisa nduweni kagunan kang utuh kanggo ngontrol variabel-variabel saka njaba kang merbawani dumadine eksperimen (Sugiyono, 2010:114). Ing panliten iki nggunakake wujud dhesain *Quasi Experimental Design* (Dhesain Eksperimental Semu) kanthi dhesain panlitene, yaiku *Nonquivalent Control Group Design*.

ANDHARAN

Panliten kang ditindakake kanggo mangerteni pangaribawane medhia pasinaoan abasis internet (*blog*) tumrap kawasiswaan nembang macapat siswa kelas VIII SMP N 4 Pacitan iki ditindakake ping pindho ing telung kelas. Kelas kasebut yaiku kelas VIII G minangka kelas kontrol, kelas VIII C minangka kelas uji instrumen, lan kelas VIII D minangka kelas eksperimen. Panliten kang ditindakake ing telung kelas kasebut ditindakake


ing telung ranah pambiji. Pambiji kasebut, yaiku ranah sikap (afektif), ranah kognitif, lan ranah psikomotor. Ing saben kelas uga ditindakake test kang digunakake kanggo ngukur kawasiswaan siswa sadurunge lan sabubare diwenehi tindakan (*treatment*), yaiku *pre-test* lan *post-test* ing pambiji ranah kognitif.

Ing panliten 1 lan panliten 2 wis diasilake pambiji ing ranah sikap (afektif) kang dijupuk saka sikape siswa nalika pasinaon ana njero kelas kanthi mbiji aspek-aspek kang wis ditemtokake. Pambiji ranah sikap (afektif) iki diperang dadi loro yaiku sikap spiritual lan sikap sosial. Pambiji dijupuk ing kelas kontrol lan kelas eksperimen. Pambiji ranah sikap iki dijupuk minangka landhesan kanggo nindakake kagiyatan pasinaon sabanjure, yaiku pasinaon kanggo pambiji ranah kognitif lan psikomotor.

Pambiji ranah sikap (afektif) ditindakake ing kelas eksperimen lan kelas kontrol. Asil pambiji sikap spiritual ing kelas eksperimen antuk biji rata-rata 85,56. Ing kelas eksperimen iki ana 30 utawa 96,77% siswa sing antuk biji tuntas lan ana 1 utawa 3,23% siswa sing durung tuntas. Ateges kelas eksperimen pambiji sikap spiritual iki bisa nggayuh katuntasan kelas kanthi persentase katuntasan luwilh saka 80%. Pambiji sikap spiritual uga ditindakake ing kelas kontrol. Biji rata-rata kang diasilake kelas kontrol yaiku 81,90. Ana 28 utawa 100% siswa sing nduwe biji tuntas. Kelas kontrol bisa nggayuh katuntasan kelas adhedhasar persentase katuntasan kasebut.

Pambiji sikap sosial kang ditindakake ing kelas eksperimen ngasilake biji rata-rata 77,67. Katuntasan kelas kang digayuh kelas eksperimen gedhene 70% utawa 21 siswa sing tuntas lan 10 utawa 30% siswa sing durung tuntas. Katuntasan kasebut durung bisa disebut bisa nggayuh katuntasan, amarga persentase katuntasan kelase isih sangisore 80%. Pambiji sikap sosial uga ditindakake ing kelas kontrol. Biji rata-rata kang diasilake yaiku 73,21. Ing kelas kontrol ana 10 utawa 35,71% siswa sing bisa nggayuh katuntasan lan ana 18 utawa 64,29% siswa ding durung tuntas. Ateges kelas kontrol durung bisa nggayuh katuntasan kelas kanthi persentase katuntasan kurang saka 80%. Jumlah katuntasan kelas kontrol lan kelas eksperimen pambiji sikap spiritual lan pambiji sikap sosial kagambarake lumantar diagram.

Biji Rata-rata Pambiji Ranah Sikap (Afektif) Panliten 1



Asil pambiji ranah sikap ing panliten 2 yaiku pambiji ranah sikap (afektif) kang sepisaran, sikap spiritual kang ditindakake ing kelas eksperimen, ngasilake biji rata-rata 91,11. Ing kelas eksperimen iki bisa nggayuh katuntasan kelas kanthi persentase katuntasan luwih saka 80% yaiku 96,77% utawa 30 siswa sing tuntas lan 1 utawa 3,23% siswa sing durung tuntas. Ing kelas kontrol panliten 2 kango pambiji sikap spiritual ngasilake biji rata-rata kelas 89,38. Katuntasan kelas kang digayuh dening kelas kontrol gedhene 9,77% utawa 27 siswa nduweni biji tuntas lan 1 utawa 3,23% siswa sing durung tuntas. Tegese kelas kontrol bisa nggayuh katuntasan kelas kanthi antuk persentase katuntasan luwih saka 80%.

Pambiji ranah sikap kang kapindho yaiku pambiji sikap sosial. Ing kelas eksperimen kango pambiji sikap sosial antuk biji rata-rata 78,33. Biji tuntas kang bisa digayuh kelas eksperimen mung 64,52% utawa 20 siswa lan ana 11 utawa 35,48% siswa sing durung tuntas. Mula saka kuwi, kelas eksperimen durung bisa nggayuh katuntasan kelas. Sabanjure pambiji sikap sosial kang ditindakake kelas kontrol ngasilake biji rata-rata 74,81. Cacahe siswa tuntas ing kelas kontrol ana 13 utawa 46,43% lan ana 15 utawa 53,57% siswa sing durung tuntas. Tegese katuntasan kelas ing kelas kontrol isih kurang saka 80%, mula kelas kontrol durung bisa nggayuh katuntasan kelas. Biji rata-rata ranah sikap (afektif) kagambarake lumantar diagram.


Biji Rata-rata Pambiji Ranah Sikap (Afektif) Panliten 2



Pangetungan *efektivitas* ranah sikap iki dijupuk saka asil ing kelas eksperimen lan kelas kontrol. Pangetungan *efektivitas* iki tujuwane kanggo mangerteni *signifikansi* pambiji sikap kang ana ing saben panliten (panliten 1 lan panliten 2). Asil pangetungan t-tes *signifikansi efektivitas* sikap spiritual ing panliten 1 ngasilake $2,158 > t_{tabel} = 1,671$ lan ing panliten 2 ngasilake $1,79 > t_{tabel} = 1,671$. Asil saka panliten 1 lan panliten 2 bandhingan *efektivitas* sikap spiritual ing kelas kontrol lan kelas eksperimen kagolong signifikan. Asil kasebut diarani signifikan amarga $t_{hitung} > t_{tabel}$ ateges H_0 ditolak utawa H_1 ditampa.


Pangetungan *efektivitas* sikap sosial kelas kontrol lan kelas eksperimen kanthi rumus t-tes *signifikansi* ing panliten 1 ngasilake $1,766 > t_{tabel} = 1,671$ lan ing panliten 2 ngasilake $1,969 > t_{tabel} = 1,671$. Asil pangetungan kasebut kagolong signifikan amarga $t_{hitung} > t_{tabel}$. Adhedhasar rumusan hipotesis, bisa didudut yen asil kasebut H_1 ditampa utawa H_0 ditolak. Bandhingan efektivitas pambiji ranah sikap (afektif) kagambarake lumantar diagram.

Efektivitas Pambiji Ranah Sikap (Afektif) Panliten 1 lan Panliten 2



Pambiji ranah kognitif ditindakake ing kagiyanan pre-test lan post-test ing kelas eksperimen lan kelas kontrol. Pambiji ranah kognitif pre-test ing kelas eksperimen panliten 1 ngasilake biji rata-rata 47,33. Ing pambiji pre-test iki ana 2 utawa 6,45% siswa sing tuntas lan ana 93,55% utawa 29 siswa sing durung tuntas. Ateges pambiji ranah kognitif pre-test iki durung bisa nggayuh katuntasan kelas amarga durung bisa nggayuh katuntasan 80%. Pambiji ranah kognitif post-test ngasilake biji rata-rata 89,73. Adhedhasar SKM kang ditemookake sekolah (75), ana 5 utawa 16,13% siswa sing durung tuntas lan ana 26 utawa 83,87% siswa sing tuntas. Adhedhasar persentase kasebut, kelas eksperimen ing kagiyanan post-test bisa nggayuh katuntasan kelas kanthi persentase katuntasan luwih saka 80%.


Pambiji ranah kognitif ing kelas kontrol uga ditindakake ing kagiyatan pre-test lan post-test. Pambiji kognitif pre-test ing kelas kontrol ngasilake biji rata-rata 59,86. Ing kagiyatan pre-test iki ana 19 utawa 67,86 siswa sing durung tuntas lan ana 9 utawa 32,14% siswa sing tuntas. Persentase kasebut durung bisa diarani nggayuh katuntasan kelas, amarga persentase katuntasan kurang saka 80%. Pambiji ranah kognitif post-test ngasilake biji rata-rat 68,57. Ing pambiji kognitif post-test iki ana 16 utawa 57,14% siswa sing durung tuntas lan ana 12 utawa 42,86% siswa sing tuntas. Tegese kelas kontrol ing pambiji ranah kognitif post-test durung bisa nggayuh katuntasan kelas. Bab kasebut jalaran persentase katuntasane kurang saka 80%. Asil pambiji ranah kognitif kelas eksperimen lan kelas kontrol kagambarake lumantar diagram.



Pambiji ranah kognitif ing panliten 2 uga padha karo kang ditindakake ing panliten 1, yaiku ditindakake ing kagiyatan pre-test lan post-test. Ing kelas eksperimen panliten 2 iki pambiji ranah kognitif pre-test ngasilake biji rata-rata 67,14. Adhedhasar SKM (75), ana 6 utawa 19,35% siswa sing tuntas lan ana 25 utawa 80,65% siswa sing durung tuntas. Persentase katuntasan ing kelas eksperimen pambiji pre-test iki durung bisa nggayuh katuntasan kelas kanthi persentase katuntasan kurang saka 80%. Pambiji ranah kognitif ing kagiyatan post-test ngasilake biji rata-rata 91,52. Biji rata-rata kasebut ngalami undhak-undhakan kang signifikan saka biji pre-test. Ing kagiyatan post-test iki ana 2 utawa 6,45% siswa sing durung tuntas lan ana 29 utawa 93,55% siswa sing tuntas. Persentase katuntasan kasebut nuduhake kelas eksperimen bisa nggayuh katuntasan kelas kanthi persentase katuntasan kelas luwih saka 80%.

Pambiji ranah kognitif uga ditindakake ing kelas kontrol kang uga ditindakake ing kagiyatan pre-test lan post-test. Pambiji ranah kognitif pre-test ing kelas kontrol panliten 2 iki ngasilake biji rata-

rata 68,10. Ana 23 utawa 82,14% siswa kang durung tuntas lan ana 5 utawa 17,86% siswa sing tuntas. Ateges pambiji ranah kognitif pre-test ing kelas kontrol iki durung bisa nggayuh katuntasan kanthi persentase katuntasan kurang saka 80%. Pambiji ranah kognitif post-test ing kelas kontrol ngasilake biji rata-rata 70,49. Ing kelas kontrol ana 7 utawa 25% siswa sing tuntas lan ana 21 utawa 75% siswa sing durung tuntas. Persentase kasebut nuduhake yen kelas kontrol ing pambiji ranah kognitif post-test panliten 2 iki durung bisa nggayuh katuntasan kelas. Pambiji ranah kognitif ing panliten 2 kagambarake lumantar diagram.



Tintangan *efektivitas* ranah kognitif ditindakake ing kelas eksperimen lan kelas kontrol. Tintangan iki tujuwane kanggo mangerteni *efektivitas* medhia pasinaon kang digunakake ing kelas eksperimen lan kelas kontrol. Ing kelas eksperimen medhia kang digunakake yaiku medhia pasinaon abasis internet (*blog*) lan ing kelas kontrol nggunakake medhia teks tembang.


Adhedhasar pangetungan *efektivitas* ing kelas eksperimen panliten 1 ngasilake $t_{hitung} = 13,28 > t_{tabel}(0,005 N = 30) = 1,697$. Asil kasebut nuduhake yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa. Tegese medhia pasinaon abasis internet (*blog*) bisa ngundhakake kawasisan nembang macapat ing kelas VIII SMP N 4 Pacitan.

Pangetungan ing kelas kontrol panliten 1 ngasilake $t_{hitung} = 1,596 < t_{tabel}(0,005 N = 27) = 1,703$. Adhedhasar asil kasebut bisa didudut yen H_0 ditampa utawa H_1 ditolak. Ateges medhia teks tembang ora bisa ngundhakake kawasisan nembang macapat siswa kelas VIII SMP N 4 Pacitan.


Ing panliten 2 uga ditindakake kagiyatan kang padha kanthi medhia pasinaon kang padha uga. Ing panliten 2 kelas eksperimen ngasilake $t_{hitung} = 2,57 > t_{tabel}(0,005 N=30) = 1,697$. Asil kasebut nuduhake yen H_0 ditolak utawa H_1 ditampa. Ateges medhia pasinaon abasisi internet (*blog*) bisa ngundhakake

kawasisane nembang macapat ing kelas VIII SMP N 4 Pacitan.

Pangetungan *efektivitas* uga ditindakake ing kelas kontrol panliten 2. Ing kelas kontrol iki ngasilake $t_{hitung} = 0,75 < t_{tabel}(0,005 \text{ N}=27) = 1,703$. Ateges H_0 ditampa utawa H_1 ditolak. Mula saka kuwi, bisa didudut yen ing kelas kontrol medhia teks tembang ora bisa ngundhakake kawasian nembang macapat siswa ing kelas VIII SMP N 4 Pacitan. Bandhingan asil efektivitas medhia pasinaon ing kelas kontrol lan kelas eksperimen panliten 1 lan panliten 2 kagambarake lumantar diagram.




Pangetungan t-tes *signifikansi* dietung kanthi tujuwan mangerteni dayane medhia pasinaon abasis internet (*blog*) tumrap undhak-undhakane kawasian nembang macapat siswa ing kelas VIII SMP N 4 Pacitan. Adhedhasar biji t-tes *signifikansi* ing panliten 1 yaiku $5,28 > t_{tabel}(0,005db = 57) = 1,671$ lan t-tes *signifikansi* ing panliten 2 yaiku $4,95 > t_{tabel}(0,005db = 57) = 1,671$, bisa diarani yen pamulangan ing kelas kontrol lan eksperimen kagolong *signifikansi*. Asil kasebut minangka asil saka panliten kang ditindakake ping pindho, mula asile bisa dianggep luwih nyakinake. Asil t-tes *signifikansi* panliten 1 lan panliten 2 kagambarake lumantar diagram.




Pambiji lan pengamatan kang uga merbawani pamulangan ing kelas kontrol lan eksperimen yaiku pambiji lan pengamatan ing ranah katrampilan (psikomotor). Sadurunge mlebu menyang tintingan *efektivitas* ranah psikomotor, luwih dhisik diandharake asile ing pambiji ranah kasebut. Pambiji ranah katrampilan (psikomotor) kelas eksperimen ing panliten 1 ngasilake biji rata-rata 85,56. Ing panliten 1 iki ana 30 utawa 96,77% siswa sing tuntas lan ana 1 utawa 3,23% siswa sing durung tuntas. Persentase panliten 1 iki nuduhake yen kelas eksperimen bisa nggayuh katuntasan kelas kanthi persentase katuntasan kelase luwih saka 80%. Sabanjure pambiji ranah katrampilan (psikomotor) ing kelas kontrol panliten 1 ngasilake biji rata-rata 75,6. Ana 28 utawa 100% siswa kang tuntas ing panliten 1 iki. Adhedhasar persentase katuntasan kelas kontrol ing panliten 1 pambiji ranah katrampilan (psikomotor) kasebut, nuduhake yen kelas kontrol bisa nggayuh katuntasan kelas. Andharan kasebut disengkuyung asile persentase katuntasan kelas kontrol panliten 1 kang luwih saka 80%.

Asil pambiji ranah katrampilan kang ditindakake ing kelas eksperimen panliten 2 ngasilake biji rata-rata 85,83. Adhedhasar SKM, ing panliten 2 ana 30 utawa 96,77% siswa sing tuntas lan ana 1 utawa 3,23% siswa sing durung tuntas. Persentase kasebut nuduhake yen kelas eksperimen bisa nggayuh katuntasan kelas kanthi persentase katuntasan kelase luwih saka 80%. Pambiji ranah psikomotor uga ditindakake ing kelas kontrol. Ing panliten 2 kelas kontrol kanggo pambiji ranah psikomotor iki ngasilake biji rata-rata 79,46. Ana 27 utawa 9,77% siswa sing tuntas lan ana 1 utawa 3,23% siswa sing durung tuntas ing pambiji ranah kognitif kelas kontrol panliten 2 iki. Adhedhasar persentase katuntasan kasebut, nuduhake yen kelas kontrol bisa nggayuh katuntasan kelas kanthi persentase katuntasan luwih saka 80%. Asile pambiji ranah katrampilan (psikomotor) kagambarake lumantar diagram.




Analisis *efektivitas* kelas kontrol lan kelas eksperimen dietung kanthi rumus t-tes *signifikansi* kanthi asil ing panliten 1 yaiku $4,05 > t_{tabel} = 1,671$ lan asile ing panliten 2 yaiku $2,064 > t_{hitung} = 1,671$. Asil *efektivitas* ing kelas kontrol lan kelas eksperimen kasebut kagolong signifikan amarga $t_{hitung} > t_{tabel}$. Adhedhasar rumusan hipotesis, H_1 ditampa utawa H_0 ditolak. Tegese asiling pambiji ranah katrampilan (psikomotor) ing kelas kontrol lan kelas eksperimen panliten 1 lan panliten 2 kagolong signifikan. Efektivitas pambiji ranah katrampilan (psikomotor) kagambarake lumantar diagram.



Tintingan pungkasan kang ditindakake ing panliten iki yaiku arupa tintingan respon siswa. Tintingan iki nduwensi tujuwan kanggo mangerteni respone siswa tumrap medhia pasinaon abasis internet (*blog*) kang digunakake kanggo nyinaoni tembang macapat.

Asil respon siswa iki diasilake saka dhata kang dijupuk saka panyebaran angket kang diisi dening siswa ing kelas eksperimen. Angket respon siswa iki dibagekake sawise ditindakake pasinaon kanthi medhia pasinaon abasis internet (*blog*). Dudutan asil analisis angket respon siswa yaiku ing kelas eksperimen, siswa menehi respon kang kagolong "apik" kanthi persentase 77%. Andharan kasebut uga dibuktekake ing persentase saben biji kanthi princen: 4=51%; 3=24%; 2=8%; lan 1=17%. Persentase asil analisis dhata angket bisa dideleng saka diagram ngisor iki.



Adhedhasar asil persentase kasebut bisa didudut yen medhia pasinaon abasis internet (*blog*) diarani efektif adhedhasar asil respon siswa kang apik. Siswa uga nduwensi rasa seneng lan medhia pasinaon abasis internet (*blog*) kasebut bisa narik kawigatene siswa kanggo nyinoani tembang macapat.

PANUTUP

Dudutan

Kagiyatan pasinaon ing kelas kontrol ditindakake kanggo njupuk pambiji ing telung ranah, yaiku ranah sikap (afektif), kognitif, lan psikomotor. Asil pambiji saka katelu ranah nuduhake yen asil ing panliten 2 luwih gedhe saka asil ing panliten 2. Bisa didudut yen ing saben ranah ana undhak-undhakan biji.

Asiling pasinaon siswa kelas kontrol utawa tanpa nggunakake medhia pasinaon abasis internet (*blog*) lan nggunakake medhia teks tembang dietung kanthi rumus t-tes *signifikansi*. Asil tintingan ing kelas kontrol pre-test post-test ing panliten 1 ngasilake $t_{hitung} = 1,596 < t_{tabel} (0,005db = 28) = 1,703$ lan asil saka panliten 2 yaiku $t_{hitung} = 0,75 < t_{tabel} = 1,703$. Asil ing kelas kontrol kasebut nuduhake yen asil pasinaon kanthi medhia teks tembang kagolong ora signifikan karo undhaking kawasian nembang macapat. Bab kasebut disebabake asile thitung ing panliten 1 lan panliten 2 luwih endhek saka ttabel kang wis ditemtokake. Adhedhasar rumusan hipotesis, H_1 ditolak utawa H_0 ditampa ateges medhia teks tembang ora bisa ngundhakake kawasian nembang macapat kelas VIII SMP N 4 Pacitan.

Kagiyatan pasinaon ing kelas eksperimen, padha karo kagiyatan ing kelas kontrol. Ana pambiji saka telung ranah, yaiku ranah afektif, kognitif, lan psikomotor. Katelu pambiji ditindakake ing rong panliten. Asil saka panliten kasebut nuduhake yen asil ing panliten 2 luwih gedhe saka asil ing panliten 1 ing kelas eksperimen.

Asiling pasinaon siswa ing kelas eksperimen kanthi nggunakake medhia pasinaon abasis internet (*blog*) nduwensi asil kang signifikan karo undhaking kawasian siswa nembang macapat. Asil tintingan biji pre-test lan post-test ing kelas eksperimen kanthi rumus t-tes *signifikansi* kanggo mangerteni *efektivitas* pasinaon ing kelas eksperimen. Asil pangetungan ing kelas eksperimen panliten 1 yaiku $13,28 > t_{tabel} (0,005db = 31) = 1,697$ lan ing panliten 2 asile $2,57 > t_{tabel} = 1,697$. Adhedhasar asil kasebut medhia pasinaon abasis internet (*blog*) kang

ditrepake ing kelas eksperimen kagolong signifikan amarga $t_{hitung} > t_{tabel}$. Adhedhasar rumusan hipotesis ing kelas eksperimen panliten 1 lan panliten 2 yaiku H_0 ditolak utawa H_1 ditampa ateges medhia pasinaon abasis internet (*blog*) ing kelas eksperimen bisa ngundhakake kawasisan nembang macapat ing kelas VIII SMP N 4 Pacitan.

Tintingan pangaribawane medhia pasinaon abasis internet (*blog*) tumrap kawasisan nembang macapat dietung kanthi rumus t-tes *signifikansi* kanggo mangerteni *efektivitas* pasinaon ing saben-saben ranah.

Asiling pambiji ranah sikap kagolong signifikan kanggo landhesan pasinaon ing kelas kontrol lan kelas eksperimen. Andharan kasebut dibuktekake saka tintingan *efektivitas* kang ditindakake ing panliten 1 lan panliten 2 lan asil pambiji sikap ing panliten 1 lan panliten 2. Pambiji ranah sikap iki diperang dadi loro yaiku pambiji sikap spiritual lan pambiji sikap sosial. Asil pangetungan t-tes *signifikansi* *efektivitas* sikap spiritual ing panliten 1 ngasilake $1,79 > t_{tabel} = 1,671$ lan ing panliten 2 ngasilake $1,858 > t_{tabel} = 1,671$. Pangetungan *efektivitas* sikap sosial kelas kontrol lan kelas eksperimen kanthi rumus t-tes *signifikansi* ing panliten 1 ngasilake $1,766 > t_{tabel} = 1,671$ lan ing panliten 2 ngasilake $1,969 > t_{tabel} = 1,671$. Asil pangetungan saka kaloro aspek kagolong signifikan amarga $t_{hitung} > t_{tabel}$, utawa H_0 ditolak lan H_1 ditampa. Ateges asiling pambiji ranah sikap ing panliten 1 lan panliten 2 kagolong signifikan. Mula saka kuwi, bisa didudut yen medhia pasinaon abasis internet (*blog*) nduweni pangaribawa tumrap undhaking asile pasinaon nembang macapat.

Pangaribawane medhia pasinaon abasis internet (*blog*) tumrap asiling nembang macapat siswa kelas VIII SMP N 4 Pacitan uga dietung kanthi rumus t-tes *signifikansi* saka asiling pre-test lan post-test ing kelas kontrol lan kelas eksperimen ing saben panliten. Asil saka pangetungan ing panliten 1 yaiku $t_{hitung} = 5,28 > t_{tabel} (0,005db = 57) = 1,671$ lan ing panliten 2 kanthi asil $t_{hitung} = 4,95 > t_{tabel} = 1,671$. Adhedhasar asil panliten 1 lan panliten 2 kasebut kalarone kagolong signifikan amarga $t_{hitung} > t_{tabel}$. Adhedhasar rumusan hipotesis H_0 ditolak utawa H_1 ditampa tegese medhia pasinaon abasis internet (*blog*) nduweni daya pangaribawa tumrap undhaking kawasisan nembang macapat siswa kelas VIII SMP N 4 Pacitan.

Asil tintingan pungkasan kang uga nyengkuyung lakune pasinaon yaiku pambiji ranah katrampilan (psikomotor). Asil tintingan *efektivitas* pambiji ranah katrampilan (psikomotor) kelas kontrol lan kelas eksperimen ing panliten 1 yaiku $t_{hitung} = 2,064 > t_{tabel} = 1,671$ lan asile ing panliten 2 yaiku $t_{hitung} = 2,465 > t_{tabel} = 1,671$. Asil tintingan rong ranah kang nyengkuyung lakune panliten kasebut ing tintingan *efektivitas* kagolong signifikan amarga kabeh asile saka panliten 1 lan panliten 2 nuduhake yen $t_{hitung} > t_{tabel}$. Ateges medhia pasinaon abasis internet (*blog*) nduweni pangaribawa tumrap undhaking asil pasinaon nembang macapat siswa kelas VIII SMP N 4 Pacitan.

Andharan persentase asiling angket nuduhake yen siswa nduweni krenteg kanggo sinau basa Jawa mliline tembang macapat kanthi medhia pasinaon abasis internet. Andharan kasebut disengkuyung kanthi anane asil tintingan angket kang ngasilake persentase 77%. Persentase kasebut mlebu ing kualifikasi “apik”. Bukti liya kang nyengkuyung andharan kasebut yaiku ing persentase saben skor kang diasilake ing tintingan angket iki. Asile yaiku, 4=51%; 3=24%; 2=8%; lan 1=17%.

Pamrayoga

Adhedhasar asiling tintingan ing panliten kanthi irah-irahan “Pangaribawane Medhia Pasinaon Abasis Internet (*Blog*) Tumrap Kawasisan Nembang Macapat Siswa Kelas VIII SMP N 4 Pacitan” iki kang ngasilake dudutan yen medhia pasinaon kasebut bisa ningkatake kawasisan nembang macapat siswa, bisa didadekake acuan tumrap para guru nalika arep mulang tembang macapat. Medhia pasinaon iki bisa digunakake dening para guru kanggo njangkepi kabutuhan pasinaon kanthi kurikulum 2013.

Medhia pasinaon abasis internet (*blog*) iki uga bisa digunakake kanggo ningkatake kawasisane siswa ing materi liyane. Nanging medhia kasebut kudu dirembakakake dening guru sadurunge digunakake kanggo menehi materi saliyane tembang macapat. *Blog* kang digunakake kanggo medhia pasinaon iki uga bisa didadekake ajang narik kawigatene siswa kang seserepane ngenani teknologi wis tansaya ngrembaka. Medhia pasinaon iki uga bisa dadi salah sawijining alternatif kanggo nguber daya saing ing era globalisasi iki.

KAPUSTAKAN

- Ali, Mohammad. 2009. *Pendidikan Untuk Pembangunan Nasional: Menuju Bangsa Indonesia yang Mandiri dan Berdaya Saing Tinggi*. Jakarta: Grasindo
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta : Rineka Cipta
- Darmadi, Hamid. 2011. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: Alfabeta
- Daryanto. 2012. *Media Pembelajaran*. Bandung : Sarana Tutorial Nurani Sejahtera
- Emzir. 2009. *Metodologi Penelitian Pendidikan*. Jakarta: Raja Grafindo Persada
- Halim, Cipta. 2010. *Eksotisnya Dunia Blog*. Jakarta: Elex Media Komputindo
- HS, Sugito. 2010. *Kumpulan Lagu Macapat Laras Pelog*. Sleman : Garudha Waca.
- Isjoni, dkk. 2007. *Pembelajaran Visioner Perpaduan Indonesia-Malaysia*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Isjoni, dkk. 2008. *Pembelajaran Terkini Perpaduan Indonesia-Malaysia*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Isjoni. 2006. *Pendidikan Sebagai Investasi Masa Depan*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia
- Lengkanawati,dkk. 2007. *Ilmu dan Aplikasi Pendidikan Bagian 3, Pendidikan Disiplin Ilmu*. Jakarta : Grafindo
- Muljono, Pudji & Djaali. 2013. *Pengukuran dalam Bidang Pendidikan*. Jakarta: Grasindo
- Musfiqon. 2012. *Pengembangan Media dan Sumber Pembelajaran*. Jakarta: Prestasi Pustaka
- Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngengrengan Kasusastraan Djawa*. Surakarta: _____
- Pudjiastuti, Titik. 2007. *Perang, Dagang, Persahabatan: Surat-Surat Sultan Banten*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia
- Purwadi. 2009. *Sejarah Sastra Jawa Klasik*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Rahayu, Minto. 2007. *Bahasa Indonesia di Perguruan Tinggi*. Jakarta: Grasindo
- Ramadhan, Arif. 2005. *Seri Pelajaran Komputer Internet dan Aplikasinya*. Jakarta: Elex Media Komputindo
- Riduan. 2012. *Dasar-Dasar Statistika*. Bandung: Alfabeta
- Saputra, Karsono H. 2001. *Sekar Macapat*. Jakarta : Wedatama Widya Sastra
- Sudjana, Nana & Ahmad Rivai. 2011. *Media Pengajaran*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung : Alfabeta
- Sukmadinata, Nana Syaodih. 2009. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: Remaja Rosdakarya Offset
- Susantina, Sukatmi. 2010. *Tembang Macapat*. Yogyakarta :Panji Pustaka
- Susilana,dkk. 2007. *Ilmu dan Aplikasi Pendidikan Bagian 2, Ilmu Pendidikan Praktis*. Jakarta : Grafindo
- Wahyono, Teguh. 2009. *Blogspot (Panduan Praktis Membuat, Mengelola, dan Mempromosikan Blog)*. Jakarta: Elex Media Komputindo
- Widada,dkk. 2011. *Kamus Basa Jawa (Bausastrta Jawa)Edisi Kedua*. Yogyakarta : Kanisius.
- Wilson, Lea. 2013. *Cepat Mahir Menguasai Blogger-Blogspot*. Jakarta: Elex Media Komputindo